




**Haitian Creole Edition
Grade 8 Mathematics, Book 2
May 7 and 8, 2002**

Pwogram Egzamen Eta Nouyòk

Matematik

Liv 2



7 me ak 8 me 2002

Non _____

TI KONSEY POU OU SUIV LÈ W AP PRAN EGZAMEN AN

Men kèk sijesyon pou ede ou fè maksimòm ou nan egzamen an:

- Fòk ou sèten ou li ak atansyon esplikasyon yo ba w nan liv egzamen an.
- Mande pwofesè ou a pou li esplike ou tout esplikasyon ou pa konprann.
- Planifye tan ou. Li ta ka bon pou ou voye zye rapid sou tout seksyon an anvan ou kòmanse reponn kesyon yo pou ka planifye tan ou.
- Ou kapab sèvi ak enstriman ou yo pou ou rezoud nenpòt pwoblèm nan egzamen an.
- Li chak kesyon ak atansyon epi reflechi sou repons lan anvan ou ekri yon repons.
- Fòk ou sèten ou montre travay ou lè yo mande ou pou ou fè sa. Ou kapab resevwa yon pati nan pwen yo si ou montre travay ou fè.
- Sèvi ak kalkilatris ou pou ou rezoud pwoblèm ki nan pati sa a nan egzamen an.



Desen sa a vle di ou dwe sèvi ak règ yo ba ou a.



Desen sa a vle di ou dwe sèvi ak rapòte yo ba ou a.



**CTB
McGraw-Hill**

Developed and published under contract with New York State Education Department by CTB/McGraw-Hill LLC, a subsidiary of The McGraw-Hill Companies, Inc., 20 Ryan Ranch Road, Monterey, California 93940-5703. Copyright © 2002 by New York State Education Department. All rights reserved. No part of this publication may be reproduced or distributed in any form or by any means, or stored in a database or retrieval system, without the prior written permission of New York State Education Department.


Fèy referans matematik

FÒMIL



Solid ki gen fòm yon rektang


$$\text{Sifas total} = 2(lw) + 2(hw) + 2(lh)$$



Silenn sikilè

$$\text{Sifas total} = 2\pi rh + 2\pi r^2$$

$$\text{Volim} = \pi r^2 h$$



Teorèm Pitagò

$$c^2 = a^2 + b^2$$

Trigonometri

$$\sinis A = \frac{\text{kote opoze}}{\text{ipoteniz}} \quad \cos A = \frac{\text{kote adjasan}}{\text{ipoteniz}} \quad \tan A = \frac{\text{kote opoze}}{\text{kote adjasan}}$$

TABLO TRIGONOMETRIK





Degre	Sinis	Kosinis	Tanjant
0	,0000	1,0000	,0000
5	,0872	,9962	,0875
10	,1736	,9848	,1763
15	,2588	,9659	,2679
20	,3420	,9397	,3640
25	,4226	,9063	,4663
30	,5000	,8660	,5774
35	,5736	,8192	,7002
40	,6428	,7660	,8391
45	,7071	,7071	1,0000
50	,7660	,6428	1,1918
55	,8192	,5736	1,4281
60	,8660	,5000	1,7321
65	,9063	,4226	2,1445
70	,9397	,3420	2,7475
75	,9659	,2588	3,7321
80	,9848	,1736	5,6713
85	,9962	,0872	11,4301
90	1,0000	,0000

Sesyon 1

Pati 2

28

Tina, Carlos, April ak Malek pral chita nan chèz sa yo dapre esplikasyon yo bay anba a.



- April pral chita akote Malek.
- Carlos *pap* chita nan chèz nimewo 3 a.
- Tina pral chita nan chèz nimewo 4 la.

Ekri yon non nan chak chèz ki anwo yo pou ou montre nan ki lòd Tina, Carlos, April ak Malek pral chita.

Nan liy ki anba yo, esplike poukisa Carlos *pa ka* chita nan chèz nimewo 2 a.

Kontinye

29

Tanperati sou lalin la kapab varye soti 243°F pou rive -261°F . De konbyen degre tanperati a kapab varye sou lalin nan?

Montre travay ou.

Repons _____ $^{\circ}\text{F}$

30


Dave vle koupe yon moso bwa ki mezire 20 pye an plizyè moso ki mezire 5 pye, oswa 4 pye, oswa 2 pye kòm longè. Fòk li genyen omwen yon moso nan chak longè yo e pa dwe genyen bwa ki rete. Ki pi gwo kantite moso bwa li kapab genyen lè li koupe moso bwa sa a?

Repons _____ moso

Nan liy ki anba yo, esplike ki sa ou fè pou ou jwenn repons sa a.

31

Ben ap soti Mt. Pleasant sou chwal li pou li ale Yorkville. Lap swiv wout ki make nan kat ki anba a.



Pati ki pi nwa nan wout la montre ki distans Ben fè sou chwal la. Se yon distans 4 mil apeprè. ESTIME konbyen mil an plis Ben ta dwe fè sou chwal li pou li rive Yorkville.

Estimasyon _____ mil

Nan liy ki anba yo, esplike ki sa ou fè pou ou jwenn estimasyon ou an.


Kontinye



Pran bò ki an santimèt nan règ la pou ou kapab fè pwoblèm sa a.

Pati A

Nan espas ki apre triyang ki anba a, desinen yon lòt triyang. Kote yo nan triyang sa ap egal 1,5 fwa longè kote yo nan premye triyang la.



Pati B

Èske de triyang yo similè oubyen kongriyan? Esplike repons ou a nan liy ki anba yo.

33

Mesye Adams ap genyen pou fè manje pou 20 moun nan yon babekyou. Li prewwa fè de anmbègè pou chak moun. Mesye Adams depanse \$27.00 nan makèt pou li achte vyann. Yon liv vyann koute \$2.25. Si Mesye Adams vle fè tout anmbègè yo menm gwosè, ki gwosè chak anmbègè yo ap genyen an liv?

Montre travay ou.

Repons _____ liv

RETE LA

PA vire paj la anvan yo ba ou lòd vire li.

Sesyon 2

34

Fraz ki anba yo se egzanp pwopriyete komitatif.

$$134(x + 17) = 134(17 + x)$$

$$8 + y + 0,25 = y + 8 + 0,25$$

Pati A

Nan liy ki anba yo, esplike poukisa operasyon ki anwo a se egzanp pwopriyete komitatif adisyon.

Pati B

Ekri yon lòt operasyon matematik ki demonstre menm pwopriyete sa a.

Repons _____

35

Mary chwazi kék elèv nan lekòl li a e li mande yo kijan yo vini lekòl chak maten. Nan tablo ki anba a li mete sa elèv yo reponn.

SA ELÈV YO REPONN MARY

Jan yo ale lekòl	Kantite elèv
Nan machin	23
Nan otobis	51
A pye	18

Pati A

Ki pousantaj elèv nan tablo anwo a ki ale lekòl nan machin chak maten?

Montre travay ou.

Repons _____ %

Pati B


Genyen 440 elèv nan lekòl Mary a. Pousantaj elèv ki ale lekòl nan machin nan lekòl Mary a se menm ak pousantaj ki nan tablo anwo a. Konbyen elèv lekòl Mary a ki ale lekòl nan machin?

Montre travay ou.

Repons _____ elèv

36.

Sou yon papye kadriye yo te transfòme figi A a e yo te rele li figi B.



Nan liy ki anba yo, di transfòmasyon ki chanje figi A an figi B epi esplike l.

Kontinye

37

Antonio ap fè etajè pou liv. Li genyen yon moso bwa ki gen 90 santimèt nan longè. Dapre esplikasyon yo se pou li koupe moso bwa an de moso, yon moso bwa ap 20 santimèt pi long pase lòt la. Li sèvi ak ekwasyon ki anba a pou li konnen ki kote pou li koupe bwa a.

$$x + (x + 20) = 90$$

Yo dwe koupe moso bwa ki pi kout la an de. Sèvi ak ekwasyon ki anwo a pou ou kapab konnen longè moso bwa ki pi kout la.

Montre travay ou.

Repons _____ santimèt


38

Lauren ak Victoria ap jwe yon jwèt devinèt. Nan tèt li, Lauren genyen yon nonm antye ki ant 1 ak 20, epi Victoria eseye fè kèk devinèt pou li jwenn ki nonm li ye. Si li fè yon move devinèt, Lauren di li si nonm li dwe jwenn nan pi wo oswa pi ba pase sa li devine a.

Nan liy ki anba yo, esplike yon jan Victoria ta ka fè pou li jwenn nonm Lauren genyen nan tèt li a, sa ta fè li fè mwens devinèt.

39

Jimmy ak tonton li kite lakòt la nan bato, yo soti nan pwen A epi yo kontinye konsa pandan 350 mèt jiskaske yo rive nan pwen B. Lè yo fin peche pandan yon ti tan, yo fè yon koub 90 degré epi yo kontinye pandan 475 mèt pou rive nan pwen C a. Desen ki anba a montre wout yo fè e ki bò de kote yo ka peche yo ye nan lariivyè a.



Apepre ki distans, d , yap fè pou yo soti nan pwen C pou yo retounen nan pwen A?

Montre travay ou.

Repons _____ mèt

Kontinye

40

Gade desen estati ki anba a.



Andre konnen pankat ki akote estati a genyen 6 pye nan wotè. Li vle mezire wotè estati a, men li pa kapab rive nan tèt estati a pou li fè sa. Sèl bagay li genyen pou ede li se desen estati a ki anwo a ki fèt sou echèl.


Nan liy ki anba yo, esplike yon metòd Andre kapab adopte pou li mezire wotè estati a.

Sèvi ak metòd ou esplike anwo a pou ou jwenn ki wotè estati a genyen.

Wotè _____ pye

41

Sòl biwo Martin an genyen fòm yon rektang ki mezire 12 pye pa 20 pye. Biwo li a kole nan youn nan mi 12 pye yo. Biwo li a mezire 8 pye pa 6 pye. Nan griy ki anba a, fè desen sòl biwo Martin an sou echèl. Fòk ou si ou mete biwo li a kote li sipoze ye a epi ou make non li nan desen an. Fòk ou sèten ou bay ki echèl ou itilize pou ou fè desen an.

**42**

Klas mesye Bell la ap jwe yon match. Mesye Bell pran o aza yon nonm antye nan yon ansanm nonm antye ki soti nan -15 pou rive 15.

Pati A

Ki chans ki genyen pou mesye Bell pran yon nonm antye ki pozitif?

Chans _____

Pati B

Nan liy ki anba yo, esplike kisa ou fè pou ou jwenn repons ou an.

Kontinye

43

Ang A ak ang B se 2 ang konplementè. Epi, ang A splementè pa rapò a ang C. Ki mezi ang A ak ang C si ang B mezire 37° ?


Ang A _____ degré

Ang C _____ degré

Esplike kisa ou fè pou ou jwenn repons ou a nan liy ki anba yo.

44

Elèv ki nan klas madan Lewis yo genyen etikèt kokiya ki genyen lakòl dèyè yo pou yo mete otou pankat pwojè yap fè sou lanmè jan yo montre li anba a.



[desen an pa fèt sou echèl]

Chak etikèt kokiya yo mezire 4,5 pouz nan longè epi 4,5 pouz nan lajè. Konbyen etikèt kokiya y ap bezwen pou yo dekore tout arebò pankat la?


Montre travay ou.

Repons _____ etikèt kokiya

Kontinye

45

Brady desine yon rektang epi li trase yon dyagonal nan rektang nan jan yo montre li anba a.



Lè Brady mezire lajè rektang la ak longè dyagonal la li wè longè dyagonal la de fwa plis pase lajè rektang la.

Pati A

Bay lajè rektang la epi mezire dyagonal la an fonksyon de x .

Lajè _____

Dyagonal _____

Pati B

Nan liy ki anba yo, esplike kijan Brady fè pou li jwenn mezi ang lajè rektang la ak dyagonal la fè a.

Pati C

Si rektang la genyen 4 pouz nan lajè, bay mezi ang lajè rektang la ak dyagonal la fè a.

Repons _____ degré

RETE LA

CTB/McGraw-Hill

A Division of The McGraw-Hill Companies



PLACE STUDENT LABEL HERE



**Liv 2
Matematik
Nivo 8
7 me ak 8 me 2002**